

MANYÈL POU PARAN YO POU PWOGRAM HEAD START & APRANTISAJ PREKÒS YO



**COMMUNITY ACTION
HEAD START &
EARLY LEARNING PROGRAMS**

Access • Opportunity • Community

Table of Contents


| | | | |
|-------------------------------------|----|--------------------------------------|----|
| Misyon Nou..... | 2 | Early Head Start..... | 15 |
| Apwòch Nou..... | 3 | Head Start..... | 16 |
| Zòn Sèvis HS & ELP..... | 4 | Byenèt Fanmi..... | 17 |
| Ajans Nou an..... | 5 | Sante..... | 18 |
| Temwayaj Paran yo..... | 6 | Nitrisyon..... | 19 |
| Pèsonèl Nou an..... | 7 | Sèvis Devlopman..... | 20 |
| Bagay pou Konnen..... | 8 | Fanmi antanke Defansè ak Lidè..... | 21 |
| Head Start: Oparavan & Kounye a.... | 10 | Fanmi yo antanke Elèv k ap aprann... | 22 |
| Kalifikasyon ak Prezans..... | 11 | Fanmi kòm Edikatè..... | 23 |
| Temwanyaj timoun yo..... | 12 | Move Tan ki Grav..... | 24 |
| Sèvis Nou yo..... | 13 | Kontakte Nou..... | 25 |
| Head Start Adomisil..... | 14 | | |

MISYON NOU

Nou asosye ak fanmi yo nan tout sa nou fè e nou kwè paran yo se ekspè sou timoun yo. Ansanm, nou bati yon fondasyon solid pou responsab swen ki rezistan e debwouya; timoun ki soiusye, ki gen konfyans ak ki kiryé; ak kominote ki reyaktif, ki envesti yo.



APWÒCH NOU



Brazelton
Touchpoints
Center

Nou apresye patenarya enpòtan ant paran ak pèsonèl k ap bay swen an pou sipòte devlopman ansante timoun yo. Pwogram nou an konprann paran yo gen konprevansyon ekspè sou timoun yo, epi nou travay ansanm ak paran yo pou konprann devlopman timoun yo epi dekouvri pi bon estrateji ak soutyen pou chak genn timoun.

Nou konprann lè w paran se yon pwosesis aprantisaj ak refleksyon ki dire tout lavi, epi nou ofri yon varyete pwogram pou paran ki baze sou rechèch ak fòs. Nou ankouraje tout fanmi yo pou yo rantre nan kominate aprantisaj fanmi nou an epi pataje sajès ou ak ekspètiz ak lòt moun.


Nou sipòte pèsonèl nou yo tou kòm moun k ap aprann pandan tout lavi yo epi nou bay devlopman pwofesyonèl yo priyorite. Lè nou fè sa, nou bay pèsonèl lan zouti pou konstwi patenarya pwofon ak fanmi yo ki montre valè ki dekri pi wo a. Fondasyon nou pou sa a se itilizasyon apwòch Brazelton Touchpoints lan, ki baze sou syans devlòpmantal ak pratik angajman fanmi ki adapte sou plan kiltirèl. Nou angaje nan apwòch sa a paske yo montre li amelyore rezulta pou timoun ak fanmi yo epitou pou diminye estrès pèsonèl lan.

Nou se yon Sit Touchpoints!

Doktè Jayne Singer nan Brazelton Touchpoints Center te di sa konsènan pwogram nou an:

"Yo antreprann aplikasyon apwòch Touchpoints lan ak gwo devouman pou kalite swen ki pi bon an. Mwen temwen ekip Touchpoints Head Start & Early Learning Programs la an aksyon, mwen te wè ekselans nan itilizasyon pratik ki baze sou relasyon Touchpoints yo ak atitid ki baze sou fòs yo."

ZÒN SÈVIS HS & ELP




AJANS NOU AN

Ajans nou an sipòte fanmi yo ak gadri bon jan kalite ansanm ak pwogram sa yo ki ofri nan tout vale a:

- Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC)
- Pwogram pou Developman Jèn ak Mendèv
- Pwogram Soutyen pou Fanmi
- Sèvis Kominotè
- Pwogram Enèji

Pwogram nou yo ede plizyè santèn moun fè deklarasyon enpo yo, chofe kay yo, evite degèpisman, bay fanmi yo manje, konekte ak lòt paran lokal yo, ak anpil lòt ankò.

**Antanke yon
patisipan nan Head
Start & Early
Learning Programs,
ou anba
responsabilite
Aksyon Kominotè!**



**Nou ankouraje w ale sou
sit entènèt nou an nan
www.communityaction.us,
rele nimewo prensipal nou
an nan (413) 774-2318,
oswa pale ak yon manm
pèsonèl la pou aprann plis!**

TEMWAYAJ PARAN YO

"Mwen renmen dèsk yo ede konstwi relasyon dirab alafwa ak paran yo e kominote a, patenarya pou fòme pwochen jenerasyon yo."



"Yo anbrase nou, yo pa janm jije nou, yo toujou kore nou, nou ansekirite."

"Mwen renmen lyen solid ak relasyon ki bati ansanm yo, mwen te fè plizyè timoun pase nan pwogram lan nan sit nou an e mwen te renmen tout pwofesè yo. Pitit mwen yo te fè amitye dirab ak lòt elèv e mwen te kapab rankontre anpil paran epi pataje eksperyans nou, espwa ak objektif nou yo pou fanmi nou yo. Mwen kwè Head Start se yon kokenn opòtinite pou konstwi yon pi bon fondasyon pou avni timoun nou yo."

"Pitit fi mwen an vin lakay la epi li di nou sa li te fè ak sa li te aprann chak jou - li definitivman ap resevwa yon pi bon demaraj pase sa mwen te genyen lè mwen t ap grandi."



Nou vle pou kominikasyon an tankou yon wout ki gen de vwa ant pèsonèl la ak responsab swen yo. Opinyon ou a vaorize e nou vle tandé ou!

PÈSONÈL NOU AN

Nou anplwaye plis pase 130 pèsonèl devwe ki nan yon pakèt domèn pwofesyonèl ak pèsonèl ki pasyone pou travay avèk ou menm ak timoun ou yo! Tout pèsonèl pase nan yon pwosesis pou verifye antedesdan yo, epi yo satisfè oswa depase kalifikasyon Eta a ak Federal la nan domèn ekspètiz yo.

HS & ELP se yon òganizasyon aprantisaj, epi nou tout patisce nan devlopman pwofesyonèl pèmanan pou asire travay nou jwenn soutyen pi bon pratik yo nan domèn nan. Nou bay pèsonèl nou yo valè epi nou konnen nou pi fò lè nou tande opinyon tout moun, kidonk nou kesyone pèsonèl la sou eksperyans yo ak sou fason yo panse nou ta ka rann sèvis nou yo miyò toujou.

ÈSKE OU TE KONNEN?

Pèsonèl nou yo klase timoun ak fanmi yo travay avèk yo kòm yon gwo rezon pou yo kontinye travay pou Head Start.

15% nan pèsonèl nou yo te paran Head Start otrefwa menm jan ak ou!



BAGAY POU KONNEN

1. Nou ankourage w abiye timoun ou a pou l jwe! Sa a gen ladan l kouch rad ki apwopriye pou tanperati an, soulye sekirize, ak yon je rad siplemantè pou pwojè atizay ki salisan yo.
2. Nou gen anpil bagay amizan pou nou fè nan pwogram nou an, donk tanpri kite afè timoun ou yo lakay yo pou yo pa pèdi, yo pa vòlè yo, oswa yo pa kase pandan yo preznan.
3. Pa gen de timoun ki devlope nan menm fason an, e nou analize sante ak devlopman tout timoun yo. Nou mande konsantman ou, epi ou toujou envite pou w preznan pandan pwosesis tès depistaj la!
4. Okenn timoun pa oblige fòme pou al nan twalèt poukонт yo pou yo ka resevwa sèvis yo. Ou menm ak Edikatè timoun ou a pral travay ansanm pou konprann si timoun ou a pare.





5. Sante ak sekirite toujou youn nan pi gwo priyrite nou yo. Pwogram nou an devlope pwotokòl sante ak sekirite efikas ki ann amoni ak direktiv lokal, Eta a ak nasyonal yo pou asire sante ak byennèt tout timoun, fanmi, ak pèsonèl la epi pou minimize risk yo. Pèsonèl nou an pral oryante w sou pwotokòl ki pi aktyèl yo.

6. Edikatè Head Start ak Defansè Fanmi yo fè vizit adomisil pou fikse objektif epi fè konesans ak ou. Yo fè konferans pou paran tou pou pale sou edikasyon timoun ou a. Pale ak Edikatè nan salklas ou yo sou pi bon fason pou kontakte yo si ou sa rive ou vle yon lòt reyinyon.

Nou gen règleman ak pwosedi ki disponib fasilman pou piblik la nan:
www.communityaction.us/program/center-based-head-start/
Mande pèsonèl nou yo epi yo ka fasilman enprime yon kopi pou ou!

HEAD START: OPARAVAN & KOUNYE A

An 1964, Prezidan Lyndon B. Johnson te deklare "Lagè kont Povrete" nan Diskou Eta Inyon an. Head Start te lanse pwochen lane an kòm yon pati nan inisyativ sa a.

Pwogram nan te fèt pou ede brize sik povrete a nan founi edikasyon ak sèvis konplè bay fanmi ki gen revni fèb ki gen timoun nan preskolè. Youn nan prensip santral depi nan kòmansman an se te etabli pwogram ki te adapte sou plan kiltirèl epi ki te dirije nan patenarya ak paran yo pu satisfè bezwen fanmi ak kominote a. Sa a toujou vre jodi a.

Depi 1995, Head Start agrandi pou l entegre sèvis Early Head Start. Kounye a, pwogram federal la ap desèvi plis pase 32 milyon timoun nan tout 50 Eta yo. Angajman fanmi ak lidèchip dirije direksyon pwogram nou an epi asire nou reponn ak bezwen kominote a.

Nou konnen gras ak yon yon seri rechèch k ap ogmante angajman paran ak fanmi enpòtan anpil pou aprantisaj ak devlopman tout jèn timoun. Lè nou bati relasyon solid ak timoun yo e fanmi yo, pèsonèl nou yo kapab ede timoun yo reyisi lekòl.



KALIFIKASYON AK PREZANS

Timoun yo kalifye pou sèvis Head Start oswa Early Head Start:

- Si fanmi yo satisfè Direktiv Federal pou Povrete yo epi/oswa resevwa asistans piblik (pa egzanp SNAP, asistans lajan kach DTA, oswa SSI)
- Si yo se yon timoun adoptif
- Si yo sanzabri

Malgre pifò patisipan yo dwe kalifye sou baz revn yoi, nou ka enskri fanmi ki gen revni ki yon ti kras depase si gen espas pou sa. Head Start pa egzije sitwayènte pou patisipasyon.

Yon fwa w enskri nan Pwogram nan:

- Yon timoun Early Head Start rete kalifye jiskaske li ale nan yon pwogram Head Start
- Yon timoun Head Start rete kalifye pandan 2 lane nan pwogram lan.
- Elijiblite yo re-evalye pandan pitit ou a ap tranzisyon oswa kontinye nan pwogram nan.

Prezans Regilye

Prezans konsistan asire timoun ou a jwenn avantaj maksimòm nan nan pwogram nou an epi ede prepare tout fanmi an pou Jadendanfan ak yon lavi aprantisaj.

Si timoun ou a pral absan, ou oblige kontakte Edikatè w la oswa Defansè Fanmi w anvan lè abityèl arive ou an. Si w pran transpò otobis, ou dwe rele tou liy pou anilasyon otobis la anvan otobis la deplase a 6:45 AM.

Èske ou menm
oswa yon moun ou
konnen vle enskri?
**Rele nou kounye a
nan (413) 387-1250!**

Oswa ale sou sit
entènèt nou an
pou aprann plis
epi aplike sou
entènèt nan

[www.communityaction.us/
sector/head-start/](http://www.communityaction.us/sector/head-start/)



TEMWANYAJ TIMOUN YO




Mwen renmen chita bò kote zanmi m yo nan sèk.



Mwen renmen jwe ak jwèt epi kastèt nan lekòl la.



Mwen renmen fè jwèt fè travay nan kay ak pwofesè mwen an.



Pwofesè mwen yo ede m si m ap goumen pou m fè yon bagay.



SÈVIS NOU YO

Opsyon Pwogram Nou an

- **Head Start** pandan yon pati nan jounen an/ane lekòl lan (**preskolè**) nan sant nan konte Franklin ak Hampshire.
- **Early Head Start** ak **Head Start** pandan tout jounen an/tout ane an (**tibebe, timoun piti, ak preskolè**) nan Amherst, Northampton, ak Turners Falls
 - Finansman apati Ministè Edikasyon ak Swen Prekòs nan Massachusetts (EEC) rann li posib pou nou bay sèvis tout jounen an.
- **Pwogram Early Head Start** pou tibebe ak timoun piti pandan tout jounen an/tout ane a nan Westfield
- **Pwogram pou Jounen/Ane Lekòl Pwolonje** pou timoun preskolè nan Westfield, Agawam, ak Orange
- **Head Start Adomisil (Vizit Adomisil)** pou paran ki ansent, tibebe, timoun piti, ak timoun preskolè nan tout konte yo

Nou travay avèk ou pou satisfè bezwen ou yo e jwenn opsyon ki apwopriye an!

Tout opsyon pwogram yo gen ladan yo "sèvis konplè." Sèvis sa yo ede w atenn objektif ou genyen pou fanmi w ak pou devlopman timoun ou a. Yon Defansè Fanmi pral patnè w nan yon relasyon sou peryòd ki long ak fanmi w. Nou gen pèsonèl tou ki sipòte sante, sante mantal, nitrisyon, ak plis ankò.



*Tout Moun
Byenwini!*

Nou bay divèsite valè epi nou anrichi ak diferans nou yo! Nou resevwa moun ki soti nan tout orijin, estrikti fanmi, ak idantite.

Premye lang anpil fanmi pa anglè.

Gen anpil avantaj lè w bileng, kidonk nou pral travay avèk ou pou kenbe lang lakay ou an vivan.

Pèsonèl nou an ap travay avèk ou tou pou entegre eleman tradisyon fanmi ou pandan timoun ou a nan swen nou.

Fè nou konnen fason nou ka fè sa!



HEAD START ADOMISIL

Nan pwogram vizit adomisil nou an, nou ofri aktivite aprantisaj ki baze sou jwèt chak semèn lakay ou, ki adapte ak enterè e bezwen timoun ou a. Vizitè Adomisil Head Start ou a ap asosye avèk ou pandan w ap pran swen jèn timoun ou a epi l ap sipòte w antanke Edikatè prensipal timoun ou a. Ou pral gen aksè tou ak enfòmasyon, sèvis referans, ak opòtinite pou konekte ak lòt fanmi lokal yo!



Sèvis pou fanm ansent ak paran ki ansent yo

- Vizitè Adomisil Pwogram Head Start & Early Learning yo asosye avèk ou menm ak fanmi ou pou ou ka aprann plis sou gwosès, wòl paran, ak akouchman.
- Vizitè Adomisil ou a ap bay enfòmasyon oswa fòmasyon ki baze sou bezwen ak kesyon san parèy ou yo.
- Tibebe ki fenk fèt ou a ka enskri otomatikman nan pwogram vizit adomisil Early Head Start nou an, epi n ap kontinye bay soutyen apre akouchman an.

EARLY HEAD START

Twa premye lane lavi yo poze fondasyon pou tout devlopman, epi nou rekonèt enpòtans bon jan kalite swen pou timoun ki pi piti yo ak fanmi yo nan kominote nou yo.

Sant Early Head Start yo itilize yon modèl responsab swen prensipal, ki pèmèt timoun ki pi piti yo devlope atachman ak Edikatè sousye nou yo. Tibebe yo ak timoun piti yo jwenn soutyen pou yo aprann nan jwe ak devlope konpetans nan yon kontèks relasyon afeksyon ak woutin chak jou.

Nou anbrase tout pil lang fanmi nou yo pote! Nou travay pou nou kontinye ekspose yo ak lang lakay yo kòm pi bon fason pou sipòte devlopman langaj timoun yo.

Jan sa vre nan tout pwogram nou an, nou wè paran an kòm premye pwofesè timoun nan epi nou vle konnen ki preferans ou genyen pou bay swen. Pèsonèl nou an ap ede fè aranjman pou kenbe ou menm ak timoun ou an alèz e ansekirite pandan w ap travay oswa lekòl.



- Nou pran swen tibebe apati 6 semèn
- Nou bay kouchèt, ti sèvyèt, ak lèt an poud
- Nou totalman sipòte alètman


HEAD START

Nou travay ak fanmi yo e kominote a pou timoun yo ka devlope relasyon ki gen afeksyon, konfyans, ak kiryozite.

Nou jere anpil sit Head Start ansanm ak gwo sit ki gen plizyè salklas ak modèl yon sèl salklas. Sèvis nou yo pou timoun preskolè yo amizan, enteresan, epi yo adapte ak kilti e bezwen fanmi w.

Nou itilize "Pwogram Kreyatif" lan ki bay yon kad fleksib pou Edikatè yo pou anseye timoun yo epi asire yo pare pou klas matènèl.

Timoun yo aprann atravè jwèt ak eksperyans pratik. Orè chak jou a konpoze ak aktivite gwo ak ti gwoup, tan pou imajinasyon, jwèt timoun dirije, tan deyò ak entèraksyon rich ant timoun ak Edikatè.



BYENÈT FANMI

Anplis bon jan kalite
anviwònman aprantisaj nou
yo, nou bay tou yon pakèt
Sèvis Konplè.

Sa a gen ladan I (men se pa
sa sèlman):

- Sante ak tès depistaj nitrisonèl
- Rekòmandasyon pou swen dantè
- Manje ak ti goute
- Resous pou paran yo kòm elèv k ap aprann
- Soutyen pou sante mantal
- Sèvis pou devlopman ak soutyen edikasyon espesyal
- Lidèchip ak opòtinite pou benevòl
- Rekòmandasyon ak defans fanmi
- Transpò (jan sa disponib)

Jan deklarasyon misyon
nou an endike I, angajman
fanmi an nan sant sa nou
tout fè. Nan Head Start, nou
fyè dèske nou asosye ak
tout fanmi yo epi reponn ak
bezwen san parèy
kominote nou an.



SANTE



Bon sante se fondasyon ki nesesè pou timoun yo santi yo ansekirite, patisipe regilyèman, epi pare pou aprann.

Espesyalis nou yo asosye ak fanmi yo pou bay enfòmasyon sou sante, tès depistaj, ak aksè ak swen medikal.

Timoun yo bezwen vaksinasyon, egzamen fizik, ak egzamen dantè pou yo aksepte yo nan pwogram lan epi yo dwe rete ajou. Anplis sa, nou sipòte fanmi yo pou yo konekte ak sèvis dantè, medikal ak sante mantal ki fyab, konsistan e aksesib jan sa nesesè.

Kòm toujou, si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte Edikatè w la oswa Defansè w la!



NITRISYON

Avèk finansman ki soti nan Pwogram Alimantasyon pou Swen Timoun ak Adilt USDA a, pwogram nou an bay manje ak ti goute ki sen ak byen ekilibre. Nou travay ak fanmi yo pou devlope modifikasyon rejim alimantè pou nenpòt timoun ki gen alèji ak manje, entolerans, oswa restriksyon.

Deklarasyon USDA sou Non-diskriminasyon

Dapre lwa federal dwa sivil yo ak règleman epi politik dwa sivil Ministè Agrikilti Etazini(USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan l idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram lan gendwa disponib nan lòt lang ki pa anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp: Braille, gwo lèt, kasèt odyo, Langaj Siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans Eta q oswa lokal ki responsab ki administre pwogram nan oswa Sant TARGET USDA a nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Federal Relè an nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun ki pote plent dwe ranpli yon Fòmilè AD-3027, Fòmilè pou plent sou diskriminasyon nan pwogram USDA ki ka disponib sou entènèt lan nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, apati nenpòt biwo USDA, lè w rele (866) 632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese USDA. Lèt la dwe genyen non moun, adrès, nimewo telefòn ki pote plent lan ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil. Fòmilè oswa lèt AD-3027 ki ranpli a dwe soumèt bay USDA nan

- lapòs: U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20250-9410; oswa
- faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- imèl: Program.Intake@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.



SÈVIS DEVELOPMAN

Nou vle asosye
avèk ou pou
travay ak
timoun ou a epi
nou konnen
ou se pi bon
defansè timoun
ou a.

Desèvi tout timoun nan yon anviwònman enklizif se nannan misyon Head Start la. Ekip milti-disiplinè nou an travay kole kole ak fanmi yo pou sipòte bezwen endividyèl chak timoun. Timoun ki gen reta nan devlopman, andikap, oswa lòt bezwen espesyal yo byenvini nan tout pwogram nou yo.

Nou gen yon patenarya sere ak anpil ajans sèvis kominotè, epi nou ka ede w konekte ak sèvis apwopriye pou tan timoun ou a nan pwogram nou an ak pi lwen.



FANMI ANTANKE DEFANSÈ AK LIDÈ

Paran ki pran wòl lidèchip chanje kominote yo ak lavi timoun yo e pa yo pou yon demen miyò. Kontribisyon ou yo, gwo oswa piti, fè yon gwo diferans pou pwogram nou an! Gen anpil opòtinite pou w vin yon pi gwo pati nan pwogram nou an toudepan orè w ak dezi w.

Chak sant ak Vizitè Adomisil fasilité **Reyinyon Fanmi** kote ou ka patisipe nan lidèchip lokal la antanke nan kad komite paran an epi diskite sou sa ki enpòtan pou ou.


Chak komite paran vote tou yon reprezantan **Konsèy Politik** lan pou patisipe nan gouvènans pwogram lan ak pou vote sou desizyon enpòtan, tankou anboche pèsonèl, aplike pou sibvansyon, ak fason pou itilize lajan ki soti nan kanpay pou ranmase lajan yo.

Nou gen komite konsilitatif ak gwoup diskisyón pou oto-evalyasyon ki bezwen 1-3 reyinyon chak lane kote ou ka ede nou nan planifikasyon sou peryòd ki long nou an oswa diskite sou sijè presi ki afekte kominote a, tankou sante, swen sante oral, andikap, oswa sèvis sosyal yo.

Si reyinyon yo se pa bagay pa w, alò ou ka toujou patisipe nan pwomnad ak aktivite espesyal ak timoun ou a!

NOU
BEZWEN
Ou!





FANMI YO ANTANKE ELÈV K AP APRANN

Chak ane, nou ofri yon kantite opòtinite pou manm fanmi yo rantre nan **Gwoup Paran Touchpoints™** nou yo! Gwoup Paran yo se yon anviwonman ki bay soutyen pou paran yo asosye ak lòt paran pandan w ap navige nan pakouj san parèy fanmi w lan.

Chak seyans ap ofri w opòtinite ak zouti pou:

- pi byen konprann epi gide devlopman timoun ou an
 - ede nan moman difisil oswa konpòtman ki gen konfizyon
 - rete pwòch ak konekte epi amize w ak timoun ou an
 - devlope koneksyon ak lòt fanmi.

Pwogram Touchpoints Parenting la baze sou rechèch e li konsantre sou fòs timoun yo ak fanmi yo. Pandan 5 seyans yo, nou pral asosye avèk ou pou eksplore:

- Jwa ak Defi pou w Paran Timoun San Parèy Ou an Konprann
 - Developman Timoun ou an
 - Kilti ak Lang Fanmi ou
 - Elve epi Pran Swen Timoun Ou yo
 - Disiplin: Wòl Ou antanke Paran Ofiramezi

Kesyonè Defansè Fanmi Ou an, Vizitè Adomisil Ou an, oswa Edikatè Ou an sou fason pou w patisipe!

"Mwen te renmen tout paran yo. Mwen renmen dèske nou soti nan orijin diferan, men nou pataje menm moman ak eksperyans ak timoun nou vo."

— Patisipan Paran



FANMI KÒM EDIKATÈ

Èske w ta renmen vin yon pwofesè ranplasan oswa sèvi kòm volontè regilyèman nan salklas la? **Nou ta RENMEN jwenn èd ou!**
Pale ak pèsonèl nou an sou fason pou reyalize yon rechèch sou antedesan ak/oswa aplike.

Ranplasan yo ka touche lajan, bati eksperyans travay ki gen anpil valè, epi yo ka yon resous enpòtan pou pèsonèl ki bezwen tan pou planifikasyon ak pran konje. Ou pare pou vin yon ranplasan kounye a? Soumèt CV ou ak yon lèt motivasyon nan www.communityaction.us/job-openings



Benevòl yo pa touche lajan, men tan yo bay lan ede nou ak finansman korespondan lokal yo pou finansman federal nou an. **Lè w sèvi kòm benevòl, nou konte tan ou kòm yon don!**

Inèdtan tan benevòl: \$23,76
2 èdtan patisipasyon nan yon reyinyon fanmi: \$80,76
1 mwa ak 1 èdtan chak semèn nan aktivite aprantisaj ki sigjere ak timoun ou an: \$95,04
1 èdtan kòm yon Reprezantan Konsèy Politik lan: \$70,76



MOVE TAN KI GRAV




Nan sèten kondisyon metewolojik grav, sit yo gendwa retade ouvèti oswa fèmen, epi sèvis adomisil yo ak transpò gendwa afekte.

Anilasyon otobis yo, reta ak fèmti yo ap anonsé sou WGGB, Chèn 40 oswa www.wggb.com. Ou ka jwenn enfòmasyon ajou tou sou Head Start Weather Line (p. 25) ak sou Paj Facebook nou an.

Si w nan Head Start Adomisil, Vizitè Adomisil ou a ap kontakte w si yo pa kapab bay sèvis regilye yo.

Rete an kontak!

Nou itilize Aplikasyon Talking Points pou voye mesaj sou meteyo, evènman yo, ak jan timoun ou a ap degaje !! Veye yon tèks nan men nou oswa eskane la pou telechaje aplikasyon an:



KONTAKTE NOU

| Sit | Nimewo Prensipal |
|-------------------------------|-------------------------|
| Amherst Community Child Care | 413-548-1290 |
| Easthampton | 413-203-8270 |
| Vernon Street, Northampton | 413-387-1200 |
| Ware | 413-277-1275 |
| Central Street, Turners Falls | 413-475-1520 |
| G Street, Turners Falls | 413-475-1400 |
| North Orange | 978-575-0522 |
| Agawam | 413-654-1340 |
| Westfield | 413-654-1750 |
| Sipèvizè Head Start Adomisil | 413-387-1265 |

| Lòt Nimewo Kontak | Nimewo Telefòn |
|---|------------------------------|
| Deptman Enskripsyón an Liy Meteyo an Konte Franklin | 413-387-1250 413-475-1560 |
| Liy Meteyo an Konte Hampden | 413-654-1760 |
| Liy Meteyo an Konte Hampshire | 413-387-1260 |
| Transpò - North Orange | 978-575-0522, ext 91 |

Ou gen yon pi gwo kesyon oswa enkyetid? Kontakte Direktè Sèvis Soutyen pou Timoun ak Fanmi yo nan
56 Vernon Street
Northampton, MA 01060

Ou ka jwenn Politik sou Plent Paran ak Kominote nou an nan
[www.communityaction.us/program/
center-based-head-start/](http://www.communityaction.us/program/center-based-head-start/)





Pwogram Head Start & Early Learning ap resevwa
enskripsyon kounye a!

Rele nou jodi a nan (413) 387-1250 oswa ale sou sit
entènèt nou an pou aprann plis epi aplike sou entènèt
nan www.communityaction.us/sector/head-start/

